

MEMORYAL PAK MATISAN

12 JANVYE 2012

Jodi a, se ak anpil emosyon m ap pran la pawòl nan kad inogirasyon Memoryal Pak Matisan an.

Anpil emosyon k ap brase nan kè m. Tristès mele ak kontantman. Kontantman mele ak tristès.

Emosyon ki fè m tris yo vini deske sa fè 2 lane jou pou jou depi katastròf tranblemann tè a te simaye dèy nan sitèlman fanmi nan peyi a. Nou konstwi memoryal sa nan non tout moun ki mouri yo, sa nou konnen yo, sa nou pa konnen yo, anonim yo, tout moun yo ki mouri san lantèman, san fineray, san nou pa menm jwenn kadav kò anpil nan yo. Se pou yo nou reyini la jodi a, pou yo konnen nan lye verite yo, nou menm ki vivan toujou nou pap janm bliye yo. Se nan espas sa, yon espas refleksyon, yon espas lapè, yon espas serenite, yon espas rekèyman, n ap fè dèy yo.

Nou di yo respè !

Nan peyi nou, moun mouri pou dan ri. Yo mouri sou lanmè, yo mouri sou wout nan aksidan machin, yo mouri nan deblozay, nan vyolans, nan masak, nan kidnapin, nan pran bal mawon, yo mouri nan syklòn ak lòt katastròf natirèl... anpil moun mouri san nou pa konnen non yo, kilèsmoun yo te ye, ki sa yo te konn fè. Memoryal sa la pou nou sonje tout moun sa yo tou, ki ale kite nou nan move kondisyon san la sosyete pa janm di anyen sou sa.

Nou di yo respè !

Respè tou pou Achitèk Albert Mangonès ak Madam li Vonik ki antere sou pwopriyete sa ki te lakay yo, kote yo pase pifò nan vi yo. Sann yo anba pye kalbas ki nan antre memoryal la ak yon plak kote nou enskri yon pawòl yon gwò poèt Matinikè yo rele Aimé Césaire ki sòti nan yon poèm li bay non : Nouvelle bonté/Yon bonte ki tou nèf.

Dèyè dò n la, gen 3 tonb. Youn se tonb yon Alman ki entere la depi dikdantan. Albert te jwenn tonb sa sou pwopriyete an lè li vin konstwi kay li an. Li kenbe l kòm senbòl tan lontan ki pase yo. Lè fini gen 2 lòt tonb ki se tonb Mirèy ak Manno, 2 moun ki mouri nan kay Achitèk la ki efondre jou tranblemann tè 12 janvye an.

Respè pou yo tou.

N ap sonje espesyalman tout moun ki pwòch nou yo ki mouri nan katastrof la oubyen an apre, manman ak papa, granmoun yo, frè, sè, pitit, kouzen, tout fanmi ak zanmi, tout moun ki pwòch nou yo ki pèdi lavi nan gwo soufrans, se yo n ap sonje jodi an. Yo kite yon plas espesyal nan kè n, k ap toujou la. Nan plas sa n ap toujou kenbe ak anpil lanmou tout imaj lavi nou te pataje avè yo.

Nou di yo respè !

Nou gen tristès nan kè nou, pou nou sonje, pou nou pa bliye, pou ak dlo nan je n, ak emosyon nan kè n nou pa pè pale sou tout lanmò sa yo, sou sa yo reprezante pou nou menm ki rete vivan. 12 janvye 2010 la make nou tout. Chak grenn moun gen yon istwa li kapab rakonte sou kote l te ye nan moman tè peyi d Ayiti kòmanse tranble, sou moun ki pwòch li ki blese, ki soufri, ki mouri, sou pwòp soufrans pa l, sou moun li sove tou ak kouraj, pou lavi kapab kontinye.

E se poutèt sa nou pa kapab tris sèlman. Nan mitan tristès sa, gen plas pou kontantman tou.

Jodi a, se yon gwo jou pou nou menm nan FOKAL ki depi lane 2007 genyen yon manda gouvènman Ayisyen an pou nou kreye Pak Matisan an. Anpil travay, anpil traka, anpil diskisyon, anpil tèt chaje, anpil pasyans, men anpil satisfaksyon tou. Memoryal la se premye pati nan Pak la n ap inogire jodi an. Nou kontan deske nou te reyisi transfòme bèl pwopriyete sa nan yon memoryal k ap louvri pou tout moun. Nou kontan deske tout moun ki la jodi an, te kapab vin viv moman sa avè n.

M envite nou li sa ki ekri sou afich ak pannkat nou mete nan antre memoryal la kote nou esplike kisa yon memoryal ye, epitou ki sa memoryal Pak Matisan an ye. Na gen yon lide lè sa sou rèv nou genyen pou katye Matisan an, pou vil Pòtoprens, ak pou peyi d Ayiti.

Nou pral tanmen tout suit seremoni ekimenik ki prevwa pou inogirasyon memoryal la. Gen plizyè konfesyon relijye nan peyi an, se poutèt sa nou mande reprezantan 4 relijyon ki la fè yon benediksyon tou kout pou nou. M ap kòmanse pa remèsye yo deske yo asepte vini jodi an : pè Smarth, Pastè Clément, oungan Eugène ak mizilman Maxime.

Nan lè ekzak tranbleman tèt 2010 la, n ap pran yon minit silans pou nou sonje, pou nou rekeyi ak espwa nan kè nou.

Gen anpil, anpil moun pou nou di mèsi. Nou mete yon pannkat nan ti pasyo ki anba a, kote nou enskri non tout ekip ti te travay san rete pou kontwi memoryal la. Men gen 2 non nou bliye mete. Li enpòtan pou nou di yo mèsi tou : se Achitèk Frederick Mangonès ki travay sou konsepsyon memoryal la, ak Raphaël Girouard ki soti nan yon

òganizasyon yo rele « Konseptè Limyè san fwontyè » ki travay sou tout sistèm elektrik memoryal la. Se li menm ki fè nou jwenn baliz solè ki atè yo, lanp solè k ap balanse yo ak pwojektè ki klere la yo. Mèsi Fredo, mèsi Raphaël.

Tout lòt moun ki va wè non yo sou pannkat la ava konnen jan nou apresye travay yo. Yon gwo gwo mèsi pou :

Christine Chenet ak ekip Tropiscape la ki kreye tout jaden nou wè la yo.

Enjenyè Patrick Vilaire ak tout ekip li yo ki travay san rete pou ekzekite plan Christine ak Fredo te prepare an. Nou dwe remake mak pa ak lonbraj yon revenant atè sou chemin jaden an, se lide Patrick ki se yon gwo atis tou. Lide sa li pran l nan istwa popilè peyi dAyiti.

Nou remèsye tou Anik Galvan ki fè tout bèl afich nou wè la yo.

Yon mèsi espesyal pou gad chanpèt yo, jadinye yo, ak tout lòt moun ki te angaje nan travay la san dezanpare.

Nou remèsye tout estaf FOKAL la tou. Mèsi pou Doktè Henrys, Johanne ak ekip sekouris la. Ansanm ak jèn pwogram Vague du Futur la, yo asepte sèvi kòm gid nan seremoni jodi a.

Mèsi pou Enspektè Renois ak polisye PNH yo ki ap bann yon gwo kout men nan kesyon sekirite.

Lis mèsi an anpil se vre, men gen 2 ekip k ap travay san rete nan Matisan ki merite yon mèsi espesyal. Premye an se ekip pwogram nou rele “Enplantasyon kominotè” a. Cécile ak animatè yo tanmen depi 3zan yon travay refleksyon, diskisyon ak fòmasyon pou manm òganizasyon nan katye an. Rankont sa yo pote non: “Espace de parole”. Memoryal n ap inogire jodi a se rezilta travay sa tou. Sitwayen ak

sitwayèn nan katye a ki toujou rete fidèl nan travay refleksyon ak fòmasyon sa, kapab fyè jodi a. Se anpil nan lide yo ki reflekte nan Pak la.

Dezyèm ekip ki merite mèsi espesyal la tou se ekip Edson ak Doktè Wendy, ka p travay san rete nan pwogram jesyon dechè nan katye a. Gras a devouman yo, angajman yo, konpetans yo, anpil moun nan katye an fin pa konprann enpòtans la pwòptay nan kad lavi chak jou nou. Mèsi, mèsi.

Travay memoryal la poko fini, men nou te pran tout dispozisyon pou evenman jodi an te kapab fèt. Nan jou kap vini yo, nou pral kontinye travay la, se poutèt sa memoryal la poko ka louvri nètalkole. Patrick Vilaire gen pou l konstwi yon zèv atistik nan plas kote plant yo ye sou esplanad la. Gen lòt konstriksyon ki pou fèt tou. Sa pral pran tan.

Yon memoryal pa ka fèt trapde. Sa pran tan, sa mande enspirasyon, sa mande kreyativite, sa mande kolaborasyon, sa mande travay. Men n ap kontinye mete belte nan espas la pou nou montre tout moun, Ayisyen tankou etranje, yon lòt imaj peyi an, yon imaj bote, yon imaj diyite, yon imaj solidarite. Se poutèt sa n ap mande tout vizite yo, tout zanmi lanati yo pou yo respekte espas la, pou yo pa sal li, pou yo entegre nan lespri yo, se yon jaden ki mande swen, ki mande konsiderasyon, yon fason pou chak fwa yo vizite l, yo wè l pi bèl ankò. Nan respè pou tout sa ki mouri yo, nan respè pou lavi.

M ap fini ak de pawòl : youn ki se pawòl Sent Terez ki ekri nan 4 lang sou bannye nou wè anwo tèt nou la. Men sa li di :

« Mwen vin konprann lanmou gen tout bagay ladan l, li anbrase tout tan, tout kote, lanmou etènèl »

Se yon atis peyi Otrich ki kreye bannyè sila pou lapè; se anbasad peyi Otrich an Ayiti ki fè n kado l. Nou di l mèsì pou sa.

Lòt pawòl mwen vle di n pou m fini nèt, se pawòl powèt Georges Castera :

« Kò moun se yon fòs ki ka reve

Se yon fòs ki ka dezespere...

Men nan Peyi d Ayiti

Gen fòs ki leve kanpe

Yo kanpe tankou zèb

Ki pa janm sispann pouse. »

Mèsì.